



Finansman ARPA Meri Worcester

Meri Worcester an fè sòti yon demann pou pwopozisyon (Request For Proposals, RFP) pou òganizasyon ki swete aplike pou finansman Lwa sou Plan Rekiperasyon American an (American Rescue Plan Act, ARPA) pou Pwogram ak Pwojè Kominotè yo. Pwopozisyon yo dwe fèt anvan dat 30 Septanm 2022.

Alyans "Coalition for a Health Greater Worcester" an la pou ede!

JWENN SIPÒ EPI APLIKE

Konsènan finansman federal Worcester mete sou pye pou sipòte sante piblik ak rekiperasyon ekonomik

Opòtinite: Meri Worcester an ap distribiye fon gouvènman federal la bay òganizasyon kominotè yo nan ane 2022, epi li angaje l pou l kite kasè an disponib nan pi wo nivo sa kapab fèt la.

Obligasyon nan Zafè Finansman: Fon sa yo ap sòti nan fon Lwa sou Plan Rekiperasyon Ameriken an (American Rescue Plan Act, ARPA), ki mande pou finansman an:

- Abòde enpak COVID-19 yo nan mitan kominote ki sibi plis dega yo
- Abòde iregilarite ki kominote ki sibi plis dega yo idantifye yo

Investisman: Worcester ap resevwa 146.6 milyon dola, 10 milyon dola ladan l pral ale nan avantaj pwogram ak pwojè kominotè yo.

Kisa y ap finanse konsa?

Komite ki genyen ladan yo rezidan kominote yo pral fè rekòmandasyon sou ki òganizasyon ak pwojè fon sa yo ta dwe ede nan domèn ki pi ba yo:

- Lojman ki pa chè
- Sèvis sosyal
- Sante mantal
- Asistans nan biznis
- Atizay ak kilti

Finansman federal sa yo fleksib anpil epi yo disponib ak yon ti kantite bagay ki kapab limite yo. Pwojè yo kapab gwo oswa piti. Li plis konsènan fleksibilite finansman ARPA yo [la](#).

Kouman mwen ka bay konkou m?

Meri Worcester an fenk pibliye yon demann pou pwopozisyon (RFP) nan objektif pou bay òganizasyon lokal yo opòtinite pou yo aplike pou resevwa fon ARPA sa yo.

Coalition for a Healthy Greater Worcester lan ap ofri yon sipò pratik pou òganizasyon ki plase nan Worcester yo nan objektif pou ede yo kreye epi soumèt pwopozisyon epi jwenn yon finansman.

Kowalisyon an ap òganize yon seri sesyon fòmasyon nan objektif pou ede òganizasyon ki vle aplike yo.

Jwenn sipò epi aplike

ALE SOU SIT ENTÈNÈT MERI AN: Nou dwe soumèt aplikasyon an anvan dat 30 Septanm. Òganizasyon ki ap aplike an dwe yon antite legal epi l dwe anrejistre nan SAM.gov nan moman l ap soumèt aplikasyon an.

ALE SOU SIT ENTÈNÈT>><http://www.worcesterma.gov/arpa>

PWOGRAFE YON VIZIT AN PÈSÒN: Rankontre ak yon fòmètè **AN PÈSÒN** pou ede w ak aplikasyon w lan.

Dat: 10 Septanm, 12 Septanm.

PWOGRAFE YON REYINYON>><https://calendly.com/worcester-arpa>

PWOGRAFE YON SESYON VITYÈL: Rankontre ak yon fòmètè **VITYÈLMAN** pou ede w ak aplikasyon w lan.

PWOGRAFE YON APÈL VITYÈL>><https://calendly.com/worcester-arpa>

Dat: 29 Out, 1ye Septanm, 7 Septanm.

KONTAKTE CHGW: Kontakte Kowalisyon an pou nenpòt kesyon oswa kòmantè w genyen.

VOYE YON IMÈL: [mailto:info@healthygreaterworcester.org?subject=Inquiry about ARPA](mailto:info@healthygreaterworcester.org?subject=Inquiry%20about%20ARPA)

Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon?

Komite Lojistik Ini Worcester an te travay ansanm ak Meri Worcester an epi l te pran defans patisipasyon ak desizyon finansman kominote an kapab fèt nan yon fason ki egal ak tout lòt yo, pou moun ki te sibi plis enpak yo kapab gen chans patisipe epi nenpòt òganizasyon kapab aplike - kit li piti, kit li gwo.

Meri Worcester an te òganize sesyon konsiltasyon sou bezwen kominote yo pou ane 2021 an epi li te òganize yon sondaj pou enfòmè sou kijan finansman ARPA yo te dwe itilize. Ou kapab li rapò an la [la](#). Ou kapab wè yon [tablo afichaj](#) ki montre kijan Meri Worcester an te itilize fon federal sa yo jisaka jodi a. Pou w kapab aprann plis konsènan pwosesis lan ansanm ak manm komite yo, ale sou WorcesterMA.gov/ARPA.

Jwenn plis enfòmasyon toujou

- Ou kapab aprann plis toujou konsènan pwosesis finansman ARPA Worcester an atravè Komite Lojistik Ini Worcester an ak Manadjè Meri Worcester an ki se Eric Batista, ak anpil lòt toujou, nan [difizyon](#) Action! By Design lan.
- Telegram ak Gazette Worcester: [Ajanda Konsèy MInisipal Vil la:Komite pwovizwa \(Ad Hoc\) ARPA yo sou plas pou sipèviz 50 milyon dola ki ap separe nan alokasyon pou lijman/sèvis kominotè yo](#)